

Non: _____ Dat: _____

Tit Liv La: Jak ak Mak

Premye Jou:

- A. **Vokabilè:** 1. Leve 2. Tas 3. Nat 4. Chat 5. sal 6. Tab 7. Rale 8. Nap 9. Pantalon 10. Kad
- B. Montre foto yo epi diskite chak paj espesyalman koulè rad ak sak chak tigason
- C. Pwofesè a li istwa a ot vwa epi diskite ak elèv yo.
- D. Kopye vokabilè yo epi ilistre mo yo.

Dezyèm Jou:

- A. Revize vokabilè mo yo: idantifye vèb, non ; fè kèk fraz
- B. Li istwa Jak ak Mak ak elèv yo.(Echo repetisyon)
- C. Konpare Jak ak Mak nan yon Venn Diagram
- D. Fini ak dekore Venn Diagram

Twazyèm Jou

- A. Revize vokabilè mo yo: idantifye mo ki kòmanse ak menm son ak mo ki rime
- B. Reli istwa a, repetisyon –
- C. Idantifye problem ak solisyon nan istwa a
- D. Fè foto yon pwoblem epi ekri yon fraz

Katryèm jou

- A. Revize vokabilè; Dikte
- B. Klas la li istwa ya an group
- C. Repete istwa nan lòd (Sak pase anvan- nan mitan- a lafen)

Non _____ Dat: _____

Istwa: Jak ak Mak

Reponn keksyon yo daprè istwa a

1. Ekri non pèsonaj ki nan istwa a.

2. Ki koulè mayo Jak?

3. Ki koulè pantalon Mak?

4. Pou kisa Jak tap goumen ak Mak?

5. Sou kisa Mak dòmi?

6. Kisa manman tigason yo di lè yo tap goumen?
